



Pou Piblikasyon Imedya: 12/09/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 10 MILYON DOLA FINANMAN POU FASHION
INNOVATION CENTER PANDAN SEMÈN MÒD NEW YORK LA**

***Sant lan pral sipòte devlopman dirab tekstil Eta New York pou teknoloji pòtab ak
itilizasyon endistri mòd la***

***Pral etabli yon sant fizik pou konekte agrikilti Nò Eta ak endistri Nò nan Sid yo
pou konsantre sou yon avni ki pi dirab***

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse 10 milyon dola finansman Eta a pou Fashion Innovation Center, ki pral ankouraje yon apwòch kolaboratif pou itilize tekstil entelijan ak dirab ki pwodui nan Eta New York yo. Empire State Development pral dirije kreyasyon yon FIC ki dirije pa yon konsòsyòm, ki pral itilize ekspètiz inivèsite Eta New York yo, fèm, lidè endistri mòd, ak òganizasyon san bi likratif yo. FIC a pral konsantre sou abòde bezwen endistri mòd la, pandan l ap itilize rekòt Eta New York pwodui pou materyèl fib yo, ak kiltive teknoloji ki fè avanse dirabilite ak inovasyon atravè teknoloji pòtab nan endistri mòd ak tekstil la yo. FIC a pral gen ladan tou yon Akseleratè Sant Inovasyon pou Mòd Dirab (Sustainable Fashion Innovation Center Accelerator), ki konsantre sou kreyasyon altènatif entelijan ak dirab ki rezoud pwoblèm endistri nan gwo echèl, kreye djòb vèt, ankouraje tekstil ki soti nan eta a, epi sipòte mòd dirab.

Gouvènè Hochul te anonse nouvo FIC la pandan Semèn Mòd New York (New York Fashion Week) la, ki dire soti 7 septanm pou rive 14 septanm. Pou rekonesans evènman nan tout nivo endistri a, Gouvènè a te asiste defile mòd Coach nan Vil New York.

"Kòm kapital mòd nan mond lan, New York se solisyin ideyal pou solisyon dènye kri pou fè endistri sa a k ap grandi a pi inovan ak pi dirab", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Sant Inovasyon Fashion lan pral ankouraje kolaborasyon atravè mòd, agrikilti, ak lòt endistri yo pou diminye anprent anviwònmanal nou an, limite gaspiyaj ak kreye opòtinite atravè Eta New York."

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Agrikilti se yon pati enpòtan nan ekonomi Eta New York epi pandan endistri mòd la ap avanse nan yon avni ki pi dirab, nou dwe pwofite opòtinite pou konekte endistri agrikòl ak endistri mòd yo, yo tou de enpòtan anpil pou avni Eta

nou an. Nouvo Fashion Innovation Center a pral fè Eta New York vin yon lidè nan pwomouvwa fib dirab ki pwodui lokalman, ogmante travay, epi ede reyalize objektif klimatik Gouvènè Hochul la ki alatèt peyi a."

Komisè Agrikilti Eta New York (New York State Agriculture) la, Richard A. Ball, te deklare, "Tèkstil ki pwodui lokalman, ak kiltivatè ki fè yo, se yon pati enpòtan nan agrikilti New York la. Nou kontan dèske pwomosyon Fashion Innovation Center fèmme ak fabrikan Eta New York yo ap pwodui fib ak tekstil ki sipòte ekonomi Eta nou an ak kominote lokal yo pandan y ap konsantre sou dirabilite anviwònmanal - ki se yon sitiyasyon gányan gányan pou tout moun."

Globalman, endistri mòd ak tekstil la kontribye 1.2 milya tòn emisyon gaz ki lakòz efè tèmik chak ane - sa ki plis pase tout vòl entènasyonal ak transpò maritim ansanm. Sa a se akòz gwo depandans sou konbistib fosil, chèn apwovizyonmanman desantralize, ak eliminasyon pwodui ki fini yon fason ki pa apwopriye. Nouvo teknoloji ak apwòch tretman materyèl ofri potansyèl pou mòd ki plis "entelijan" ak "dirab", epi fèm New York yo kounye a pwodui matyè premyè ki nesesè yo, tankou lenj, len, koton, ak chanv ki ka transfòme an twal ki ka itilize. nan aplikasyon sa yo sou yon pi gwo echèl.

Tekstil dirab yo se avni mòd la, epi Eta New York pare pou li trase chemen an nan pwodiksyon materyèl sa yo ki responsab ekolojikman. Tekstil entelijan yo se yon endistri dènve kri ki gen aplikasyon pou anpil pwofesyon, soti nan atlèt rive nan premye sekouris yo ak pwofesyonèl medikal yo.

Divizyon Syans, Teknoloji ak Inovasyon Empire State Development lan pral lanse yon Apèl Dòf pou chwazi konsòsyòm lan, ki pral gen ladan inivèsite, biznis, kiltivatè, lidè endistri mòd yo, ak òganizasyon san bi likratif yo. Akseleratè a, ki loje nan FIC a, pral bay espas pou konpayi ki nan premye etap yo k ap travay sou devlopman ki pwomèt nan domèn nan, ki se kandida solid pou komèsyalizasyon epi yo kapab yon defi pou rezoud pwoblèm reyèl patnè endistri yo.

FIC la pral mande, evalye, ak sipèvize pwojè ki konsantre sou abòde defi ak opòtinite endistri yo, ak priyorite yo bay moun ki enplike itilizasyon rekòt ak entran materyèl Eta New York yo, ak kiltive teknoloji ki akselere dirabilite nan endistri mòd ak tekstil la. Atravè yon pwosesis konpetitif, FIC la pral bay ti biznis Eta New York yo ki nan endistri mòd la finansman sibvansyon, ki ofri yon koneksyon enpòtan ant lidè endistri yo ak inovasyon ak sipò pwojè ki vize amelyore dirabilite endistri yo.

Senatè Eta Michelle Hinchey te deklare, "Tèkstil dirab pa sèlman avni mòd ka, men tou se avni yon endistri soti nan fèm rive nan tisi k ap grandi ke ti kiltivatè fib New York yo deja ap dirije. Avèk nouvo sant inovasyon enteresan sa a nan Semèn Mòd New York la ak sipò pou lejislasyon k ap kreye endistri yo, tankou pwojè lwa mwen an, Lwa sou Tekstil New York (S8741A), nou ka fè New York vin tounen yon pwodikte tekstil pisan ki pratik pou anviwònman nan chak sektè kote tisi a nesesè. Ogmante endistri tekstil lokal New York la se yon fason klè pou ekonomi nou an ak batay nou kont kriz klimatik la, epi mwen remèsye Gouvènè Hochul pou patenarya li nan bati yon avni ki pi dirab."

Manm Asanble Carrie Woerner te deklare, "Mwen tèlman kontan wè eleman sa yo nan Lwa sou Tekstil la ap reyalize. Gen anpil potansyèl nan fizyon kreyativite ak teknoloji ak entèseksyon fib ak mòd. New York gen resous pou chak aspè nan pwojè sa a ki gen ladan kiltivatè yo, inovatè yo, ak enfrastrikti mòd la. Mwen felisite etablisman Fashion Innovation Center Gouvènè Hochul la".

Manm Asanble Donna Lupardo te deklare, "Nou te travay depi kèk tan pou ogmante potansyèl tekstil New York la ki pwodui ak chanv ak fib bèt. Gen yon vrè eksitasyon sou kantite opòtinite endistri sa a ka bay, ansanm ak yon vrè bezwen pou adrese anpil defi y ap fè fas a. Mwen ta renmen remèsye Gouvènè a, ak kòlèg mwen yo pou enterè yo ak angajman yo genyen anvè nouvo Sant sa a, Epi espesyalman pou Manm Asanble Carrie Woerner ki se yon gwo defansè "fèm rive nan mòd" nan Komite Agrikilti Asanble nou an."

Enfòmasyon sou Empire State Development

Empire State Development se ajans devlopman ekonomik prensipal New York. Misyon ESD se pou pwomouvwa yon ekonomi ki djanm ak pwospè, ankouraje kreyasyon nouvo travay ak opòtinite ekonomik, ogmante resèt pou Eta a ak minisipalite li yo, epi fè ekonomi lokal yo vin estab ak divèsifye. Gras a itilizasyon prè, sibvansyon, kredi taks ak lòt fòm asistans finansye yo, ESD ap fè efò pou amelyore investisman biznis prive ak kwasans pou sipòte kreyasyon travay epi sipòte kominote pwospè yo toupatou nan Eta New York. ESD se egalman ajans administratif prensipal k ap kontwole Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Councils, REDCs) Eta New York la ak komèsyalizasyon "I LOVE NY", mak touristik anblematik Eta a. Pou jwenn plis enfòmasyon sou Konsèy Rejyonal yo ak Empire State Development, vizite www.regionalcouncils.ny.gov ak www.esd.ny.gov.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418